

Vote pa Lapòs Kestyon yo Poze pi Souvan

Kisa sa Vote pa Lapòs vle di?

Tout votè gen opsyon pou vote pandan yo byen alèz lakay yo lè yo senpleman mande yon bilten vòt pou Vote pa Lapòs. Yo voye yon bilten sou papye bay votè a pou li make epi retounen li nan Depatman Eleksyon. Yo dwe resevwa li pa pita pase 7 pm nan Jou Eleksyon an.

Kijan pou mwen mande yon bilten vòt pou Vote pa Lapòs?

Nenpòt votè kapab mande yon bilten vòt pou Vote pa Lapòs. Tout sa w dwe fè se mande youn. Opsyon ki pi fasil ak pi rapid yo se:

- [Sou entènèt](#)
- Pa telefòn: 305-499-8444

Ou ka soumèt tou yon demann alekri lè w itilize [Fòm Demann Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs tout Eta a \(Angle\) \(Panyòl\)](#).

Ou ka soumèt fòm lan pa:

- Imel: votebymail@miamidade.gov (kòm pyès atache)
- Faks: 305-499-8401
- Pa lapòs oswa an pèsòn
 - Miami-Dade Elections Department
2700 NW 87th Avenue, Miami, FL 33172
 - Stephen P. Clark Center (VIC) (Sèlman pou Eleksyon nan tout Konte a)
111 NW 1st Street, Miami, FL 33128

Ki dat limit pou mande yon bilten vòt pou Vote pa Lapòs?

- Yo dwe resevwa tout demann bilten vòt pou Vote pa Lapòs pa pi ta pase 5 pm 12yèm jou anvan eleksyon an.
- Depatman Eleksyon dwe poste tout bilten vòt pou Vote pa Lapòs pa pi ta pase 10yèm jou anvan eleksyon an.

E si mwen vle yo voye bilten vòt pou Vote pa Lapòs mwen an nan yon lòt adrès?

Si ou vle bilten vòt pou Vote pa Lapòs ou an ale nan yon adrès diferan de sa ki nan dosye Depatman Eleksyon, ou dwe voye yon [Fòm Demann Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs tout Eta a \(Angle\) \(Panyòl\)](#) alekri ki siyen.

Èske yon lòt moun ka mande yon bilten vòt pou Vote pa Lapòs nan non mwen?

Se sèlman yon manm fanmi imedyat ki kapab mande yon bilten vòt pou Vote pa Lapòs nan non yon lòt moun. Sa gen ladan mari oswa madanm reprezantan an, paran, pitit, gran paran, pitit pitit, oswa frè ak sè reprezantan an oswa mari oubyen madanm reprezantan an.

Pou konbyen tan demann bilten vòt pou Vote pa Lapòs mwen an valid?

Votè yo ka chwazi resevwa yon bilten vòt pou Vote pa Lapòs pou yon eleksyon espesifik, oswa pou tout eleksyon kote yo elijib pou vote jiska fen pwochen ane Eleksyon Jeneral ki pwograme regilyèman an. Apre sa, yo va bezwen renouvle pou pwochen seri elektoral la.

Èske yon lòt moun ka jere bilten vòt pou Vote pa Lapòs mwen an nan non mwen?

Dapre Chapit 12, Seksyon 14 Kòd Konte Miami-Dade, yon moun ka mande ak resevwa yon bilten vòt pou Vote pa Lapòs pou ou si w fè li reprezantan deziyen w.

Si votè a deziyen yon reprezantan ki se yon manm fanmi imedyà, reprezantan an ka mande ak resevwa bilten vòt pou Vote pa Lapòs la nan jou anvan an ak nan jou eleksyon an.

Si reprezantan an se yon gadyen legal ki pa yon manm fanmi imedyà, li ka sèlman mande e resevwa bilten vòt la nan jou eleksyon an.

Pou otorize yon reprezantan, opsyon apre yo disponib:

- Reprezantan an ak votè a [ranpli fòm](#) lan ([Angle](#)) ([Panyòl](#)). Yo dwe prezante pyès idantifikasyon avèk foto reprezantan an ansanm ak fòm yo ranpli a lè yo ap mande bilten vòt pou Vote pa Lapòs la.

oswa

- Reprezantan an ranpli fòm lan epi votè a bay yon demann alekri ki gen enfòmasyon espesifik yo jwenn sou [Regleman sou Demann Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs \(Angle\)](#) ([Panyòl](#)) ak [Regleman pou Retounen Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs \(Angle\)](#) ([Panyòl](#)). Ou dwe prezante pyès idantifikasyon avèk foto, fòm lan, ak demann alekri votè pandan demann bilten vòt pou Vote pa Lapòs la.

Pwosesis sa a pèmèt reprezantan an retounen tou bilten vòt la nan non w bay Depatman Eleksyon an an pèsòn:

- Miami-Dade Elections Department
2700 NW 87th Avenue, Miami, FL 33172
- Stephen P. Clark Center Voter Information Center (VIC) (Sèlman pou Eleksyon nan tout Konte a)
111 NW 1st Street, Lobby, Miami FL 33128

Yo dwe resevwa li pa pi ta pase 7 pm jou Eleksyon an.

Si mwen nan militè, ki jan mwen ka mande yon bilten vòt pou Vote pa Lapòs?

Fason ki pi fasil se soumèt fòm lan [sou entènèt](#).

oswa

Enskri epi mande bilten vòt pa korespondans ou an avèk Aplikasyon sou Kat Postal Federal la sou entènèt. Tout votè anba Lwa sou Vòt pa Korespondans Sitwayen an Inifòm epi ki Aletranje (UOCAVA) ka fasilman jwenn repons ak enfòmasyon enpòtan tankou règleman, lwa, dat limit ak pwosedi vòt pa lapòs.

UOCAVA pèmèt manm sèvis an inifòm Etazini yo (sèvis aktif), lamarin, ak manm fanmi yo vote pa lapòs.

Vizite sit entènèt [Pwogram Asistans Federal pou Vote](#) pou enfòmasyon sou eleksyon, aksè a Aplikasyon sou Kat Postal Federal la, ak lyen pou paj prensipal gouvènman eta a ak lòt sit ki gen enfòmasyon sou eleksyon ak rezilta yo.

Votè ki se Militè yo ka vizite [sit entènèt Depatman Deta Florid](#) la pou enfòmasyon itil konsènan lwa Florid, pwogram ak benefis pou Militè Mobilize, Gad Nasyonal ak Manm Sèvis Rezèv ak Fanmi yo.

Si mwen se yon sitwayen Ameriken ki ap viv aletranje, kijan pou mwen mande yon bilten vòt pou Vote pa Lapòs?

Fason ki pi fasil se soumèt fòm lan sou [Entènèt](#).

oswa

Enskri epi mande bilten vòt pa korespondans ou a avèk Aplikasyon sou Kat Postal Federal la sou entènèt. Tout votè anba Lwa sou Vòt pa Korespondans Sitwayen an Inifòm epi ki Aletranje (UOCAVA) ka fasilman jwenn repons ak enfòmasyon enpòtan tankou règleman, lwa, dat limit ak pwosedi vòt pa lapòs.

UOCAVA a pèmèt sitwayen Ameriken ki ap viv deyò Etazini yo vote pa lapòs.

Vizite sit entènèt [Pwogram Asistans Federal pou Vote](#) pou enfòmasyon sou eleksyon, aksè a Aplikasyon sou Kat Postal Federal la, ak lyen pou paj prensipal gouvènman eta a ak lòt sit ki gen enfòmasyon sou eleksyon ak rezilta yo.

Kijan mwen va resevwa bilten vòt mwen an si mwen aletranje epi èske mwen gen plis tan pou retounen bilten vòt la?

Si w aletranje epi ou te ranpli yon Aplikasyon sou Kat Postal Federal, ou ka resevwa bilten vòt ou pa lapòs, imèl oswa faks. Pou Eleksyon Primè Preferans Prezidansyèl la ak Eleksyon Jeneral la, bilten vòt ou an va konte toutotan (1) li gen dat lapòs pa pi ta pase Jou Eleksyon an epi (2) yo resevwa l pa pi ta pase 10 jou apre Jou Eleksyon an. Pou Eleksyon Primè a, yo dwe resevwa bilten vòt ou pa pi ta pase 7 p.m. jou Eleksyon an. Lè w ap retounen bilten vòt ou an, ou ka fè sa pa lapòs oswa faks. Yo pa aksepte bilten vòt yo retounen pa imel.

Kilè mwen va resevwa bilten vòt pou Vote pa Lapòs mwen an?

Sa depan de lè ou te mande li. Si demann ou an te soumèt byen lontan anvan yon eleksyon, yo voye pa lapòs, imèl, oswa faks bilten vòt pou Vote pa Lapòs yo bay votè yo aletranje (depann de fason ou te chwazi pou resevwa bilten vòt ou) 45 jou anvan chak eleksyon nan tout konte a epi yo poste li voye bay votè lokal yo (imel pa otorize dapre lalwa) 40 jou anvan chak eleksyon nan tout konte a. Apre premye ekspedisyon sa a, yo voye bilten vòt yo pa lapòs nan lespas 2 jou apre yo resevwa demann lan.

Kijan pou mwen ranpli bilten vòt pou Vote pa Lapòs mwen an?

Li enpòtan lè yo ap vote ak bilten pou vote pa lapòs pou votè yo swiv avèk anpil atansyon enstriksyon ki vini ak bilten vòt yo. Sèvi ak lank ble oswa nwa pou ranpli oval ki akote seleksyon ou yo. Ou dwe siyen tou nan bwat wouj la sou do anvlòp yo bay pou Vote pa Lapòs la.

Klike [isit la](#) pou wè videyo pou vote pa lapòs la.

Poukisa mwen dwe siyen andedan bwat wouj la?

Li enpòtan pou siyen nan bwat wouj sou anvlòp bilten vòt pou Vote pa Lapòs ou a. Yo va konpare siyati sou anvlòp bilten vòt ou an ak sa ki nan dosye Depatman Eleksyon an. Sa a se fason pou nou valide bilten vòt pou Vote pa Lapòs ou a.

Kisa pou mwen fè si siyati mwen chanje?

Paske chanjman siyati apre kèk ane se yon bagay kouran, tanpri asire w ke dènye siyati ou la nan dosye Depatman Eleksyon. Pou mete siyati yo ajou, votè yo ka itilize [Aplikasyon Enskripsyon Votè \(Panyòl\)](#) ([Kreyòl](#)) pou soumèt mizajou yo. Mizajou yo soumèt sou yon Aplikasyon Enskripsyon Votè dwe gen siyati orijinal votè a.

Mizajou siyati yo dwe fèt anvan yo resevwa bilten vòt pou Vote pa Lapòs votè a.

Kisa ki ap pase si mwen bliye siyen andedan bwat wouj la oswa siyati mwen an pa koresponn?

Gen yon seksyon sou deyò anvlòp pou vote pa lapòs ou a pou ba nou imel ou, nimewo telefòn lakay ou ak selilè ou. Yo ankouraje votè yo pou ranpli enfòmasyon sa a.

Nan ka ta gen yon defisyans siyati, yo va sèvi ak enfòmasyon sa a pou kontakte w.

Lalwa Florid ba ou opòtinite pou soumèt yon Afidavi pou Korije Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs ou a. Yo dwe ranpli afidavi an epi soumèt li bay Depatman Eleksyon ansanm ak yon kopi idantifikasyon votè a, pa pi ta pase 5 pm 2yèm jou apre yon eleksyon.

Pou wè ak enprime Afidavi pou Korije Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs ou a nan lang anglè, klike [isit la](#).

Pou wè ak enprime Afidavi pou Korije Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs ou a nan lang panyòl ak kreyòl, klike [isit la](#).

Kòman pou mwen retounen bilten vòt pou Vote pa Lapòs mwen an?

1. Pa Lapòs – Ou gen dwa retounen yon bilten vòt pou vote pa lapòs pa Sèvis Lapòs Etazini epi nou dwe resevwa li anvan 7 pm Jou Eleksyon an. Yo ta dwe voye bilten vòt yo pa lapòs nan:

Supervisor of Elections
P.O. Box 521650
Miami, Florida 33152

2. Nan nenpòt [Lokal pou Vote pi Bonè](#) pandan orè fonksyonman nan bwat sekirize.

3. An Pèsòn pandan orè fonksyonman (lendi rive vandredi, 8 am rive 5 pm)

- Miami-Dade Elections Department
2700 NW 87th Avenue, Miami, FL 33172
- Stephen P. Clark Center Voter Information Center (VIC) (Sèlman pou Eleksyon nan Tout Konte a)
111 NW 1st Street, Miami, FL 33128

4. Pa yon moun Votè a Deziyen – Limite a de (2) bilten vòt pa eleksyon, sèlman youn nan yo ka soti nan men yon votè ki pa mari/madanm, paran, pitit, frè/sè, oswa gran paran.

Èske mwen dwe mete tenm pou retounen bilten vòt mwen an?

Yo peye tenm pou ou pandan eleksyon nan tout konte a. Yon tenm pa obligatwa.

Èske gen yon fason pou mwen swiv bilten vòt pou Vote pa Lapòs mwen an?

Wi! Sou [sit entènèt](#) Depatman Eleksyon an, ou ka swiv:

- Si ou gen yon demann an dosye
- Dat yo te voye bilten vòt la ba ou pa lapòs
- Dat Depatman Eleksyon te resevwa bilten vòt la
- Si yo te konte bilten vòt la. Si te gen yon defisyans siyati, yo bay yon lyen pou Afidavi pou Koreksyon

Èske mwen ka depoze bilten vòt mwen nan biwo vòt mwen an Jou Eleksyon an?

Non. Lwa Florid pa pèmèt sa. Si yon votè tann Jou Eleksyon an pou li soumèt bilten vòt li, li ka swa lage li nan Depatman Eleksyon oswa li ka chwazi vote an pèsòn nan biwo vòt li yon fwa komisyon eleksyon an konfime yo pat resevwa bilten vòt pou Vote pa Lapòs votè a.